

YOUN SOU YON MILYON



Mèsi frè. Mèsi, frè Shakarian.

Epi bonjou, zanmi. Sètènman li bon pou m isit la ankò nan Los Angeles maten an, anvan gwo konvansyon sa a, epi reyinyon k ap genyen nan semèn k ap vini an nan Otèl Embassy a. M espere wè nou tout lòtbò a. Epi nou tout gen gwo atant pou rankontre Jezi Seyè nou an, pou nou wè Li lòtbò a. Li te pwomèt ke Li t ap la, “kèlkeswa kote de ou twa ta rasanble ansanm,” Li t ap la.

² Epi m sèten ke m rankontre L maten an pandan m ap monte mach yo isit la nan oditoryòm sa a, lè tout moun avèk gwo antisipasyon, t ap tann dejene ak predikasyon an. Epi li bon pou m rasanble isit la avèk nou, epi ak oditwa radyo a. Tèlman gen moun isit la, yo . . . M te oblije desann etaj pi ba a, pou m pale ak kèk. E m te wè anpil demann, pwoblèm kè, ak diferan maladi nan kò yo, epi nou la kounye a pou nou priye pou malad ak aflije yo.

³ Nan moman m te rive nan dènye mach yo . . . M ap gade vye granmoun lan kounye a. Li vin kote m, epi li di: “Frè Branham, sa fè dèzane . . .” Li di li te gen pwoblèm kè tèlman grav ke li . . . yo te panse li ta pral mouri. Epi li te mande priye pou li, e gras Bondye te geri l. E men li maten an, nan katrevantèn li, jis ap rejwi. Kifè sa fè nou gen nouvo espwa.

⁴ E kounye a mwen vrèman bezwen priyè moun k ap tande nan radyo a, menm jan bò isit la tou. Apre m kite reyinyon sa a, m pral an Ewòp, desann an Afrik epi toupato, ap fè reyinyon. E m prale poutèt yon vizyon, kifè se pral gwo reyinyon laba, mwen sèten. E pandan dèzane m te santi ke Seyè a te vle m retounen. Ti ministè enb sa a, tou enb ke Li te ban mwen an, m pa kwè ke Li ko fin avè l, laba a. Ta sanble ke ka gen yon nanm yon kote ke m ta ka atrape nan filè Levanjil la, sila ke Li te ban mwen an pou m fè lapèch moun yo, pa gerizon Divin, pa lapriyè pou malad. Epi m vrèman bezwen priyè nou, alafwa noumenm isit la ak yomenm, k ap tande deyò nan radyo a.

⁵ M jis pa gen tan pou pran yon tèks epi preche, sa ke m espere fè nan kèk minit isit a nan—nan . . . oditoryòm sa a, men m pral jis pale avèk—avèk nou yon ti moman, pou fè konesans. Epi ak moun yo ki deyò nan peyi a, m pral priye, touswit, pou yo deyò la, e pou nou menm isit la tou. Epi m vrèman kontan rankontre tout nouvo bon zanmi sa yo ke m pa t janm rankontre anvan, m fèk antre an kontak avèk yo maten an.

⁶ Nou te pase bon moman nan sèvis lòt kote. M pa elwaye m twòp ankò, nou tèlman okipe. Nou jis eseye kenbe wout la cho ant Jeffersonville, Indiana e Tucson, Arizona, kote nou te demenaje la kèk ane de sa, gras a yon vizyon Seyè a, ki te voye nou lòtbò a pou . . . san m pa konnen kote m ta prale. Epi anpil nan nou isit

la, nan Clifton, m te pale yon ti kras avèk nou anvan m te pati, nan reyinyon Phoenix lan, sou vizyon ki te vini an. M te wè yon gwoup sèt Zanj.

⁷ E m konnen, pou oditwa nan radyo yo, petèt anpil nan nou pa fè pati Levanjil konplè a, e sa ka sanble yon ti jan misterye pou nou. Se sa, sa t ap ye pou mwen, men gen yon . . . Nenpòt moun ki ka eksplike nenpòt ki bagay, nou pa oblije aksepte l pa lafwa ankò. Se bagay nou pa ka eksplike, ke nou oblije aksepte pa lafwa. Nou pa ka eksplike Bondye. Pa gen moun ki ka eksplike Bondye. Li souvren, epi Li gran e pwisan. Nou jis—nou jis aksepte l paske nou konnen Li la. E alò gras a lafwa nou, pandan n ap aksepte l, Li pote repons lan pou nou, batèm Sentespri a.

⁸ Sa, m jis pral pale avè nou, nan kèk moman la a, sou li, fason “Bondye”, oswa, “kote pou adore.” E sèl kote ke nou ka adore L, sèl kote L ap toujou rankontre nou, dwe gen . . . Gen yon sèl Legliz, yon sèl kote, yon sèl moman, yon sèl pèp, Bondye rankontre nan tou sa. E m espere ke Seyè a ap beni Mesaj la nan kè nou isi a.

⁹ Kounye a, pandan m t ap vin Tucson, se te etranj, vizyon sa yo ap pale avè nou nan Non Seyè a. Pa gen youn nan yo ke m ka sonje, m ap mande nenpòt lòt moun si yo ka sonje yon lè, kote Limenm te janm di yon bagay ki pa t Vre. Sa toujou rive jis jan Li di ke l t ap rive a.

¹⁰ E Li sipoze, dapre Ekriti yo, retounen vin jwenn nou nan dènye jou sa yo, nan jan de ministè sa a. Sa pral fèt apre batèm Lespri a, epi pale an lang lan, ak gerizon Divin, e latrkiye, bagay sa yo. Kouwònman mesaj Pannkotis la se de sa n ap pale jodi a. Ministè Kris sa a Limenm ki enkanen nan mitan pèp Li, ak egzaktman menm bagay ke L te fè lè L te isit sou tè a; nan Kò pa Li, Lepouz la, ki fè pati de Li, k ap fè menm bagay yo, antan ke Mari ak Madanm, oubyen Wa ak Rèn, jis anvan seremoni Maryaj la.

¹¹ Semèn sa, si Seyè a vle, m ta renmen pale on ti kal sou sa, nan kanpay nou gen isit la, nan—nan Embassy Hotel, pou on jan ap familiarize m nan fason enb mwen an pou m fè sa. Nan—nan tan epi lè ke n ap viv la, si yon moun pa konn ki wout pou l pran, kisa pou l fè oubyen ki fason pou l pran tounan an, ou—ou p ap mache pa lafwa ankò; w ap jis devine, w ap sipoze. E *sipoze* se—se “avanse san otorizasyon ofisyèl.” Kifè si nou pa gen vrè otorizasyon ofisyèl pou konnen sa Bondye di ki t ap rive nan lè sa a, ki jan n ap janm kapab fè fas a lè sa a? E nou dwe fè fas a sa, lè nou konnen, pa lafwa nan Pawòl Li, bagay ki sipoze rive yo ap rive kounye a, epi kondisyon nasyon yo, kondisyon moun yo, kondisyon legliz, e latrkiye.

¹² Nou dwe konn sa, e apre sa kijan pou w mache pou fè fas a sa. Si nou pa konn kijan pou fè sa, nou jis—jis ap sa nou abitye rele, on jan de, aza; jis sote ladann, ap espere ke sa pral rive, espere

sesi e espere *sela*, epi “èske sa pral rive?” Men Bondye pa vle nou fè sa. Li vle ke nou konnen sa L te di sou epòk sa a, epi fè fas a sa pa lafwa, paske Li te di ke sa t ap konsa. Alò nou—nou konnen nou nan Laverite lè sa a, paske nou pa pran pawòl on moun pou sa; nou pran Pawòl Li sou sa nou dwe fè. E nou espere ke Papa nou ki nan Syèl la pral—pral akòde nou sa semèn sa.

¹³ Bon, m regrèt ke m koupe, sa m t ap di kèk moman de sa, sou zafè vini nan Tucson. E m te panse, mwen menm, ke se te fen lavi mwen. M te panse ke pèsonn pa t ap janm ka sipòte yon chòk ak kondisyon sa ki te rive nan vizyon maten an, vè dizè nan lè lakay, kiyès ki t ap janm ka viv apre sa. Enben, m vin Tucson, pou m fè aranjan ak pitit gason m lan, pou madanm mwen ak—ak timoun yo ka ale avè l apre m fin ale, paske m te panse ke se te fen mwen. E mwen menm, nan Phoenix epi nan anpil reyinyon anvan sa te rive, m te di nou egzakteman kijan sa ta pral rive.

¹⁴ Ebyen, kèk mwa apre sa, m te nan Sabino Canyon yon maten, ki jis nan nò Tucson. M te anwo la a pou m priye. E pandan m t ap priye, m te gen men m anlè, ap di: “Papa, mwen priye W pou W ede m nenpòt fason an, pou ban m fòs, pou lè sa a ke m ap fè fas kounye a. E si travay mwen fini isit la sou tè a, alò mwen dwe vin jwenn Ou. E se pa ke m prale avèk regrè, men m konnen ke W ap pran swen fanmi m. E mwen—mwen jis mande W fòs pou moman sa.” Epi yon bagay te frape men m!

¹⁵ Kounye a, oditwa nan radyo yo, sa m ap di a ka sanble etranj, men se laverite. E se Bondye ki Jij mwen.

¹⁶ M te gade nan men m, e te gen yon epe, ki te gen yon etwi sou pati manch lan. Epi manch lan limenm te fèt ak pèl, e te gen kòm yon jan de gad ki sanble lò sou pati manch lan. Epi lam lan—lan limenm te sanble pito tankou li te yon jan klere, o, yon bagay tankou kwòm oswa yon bagay ki briye nan solèy.

¹⁷ Kounye a, li te apeprè dis ou onzè nan maten, anlè nèt sou tèt yon montay. Nou ka imajine kijan yon moun (m santi ke tout tèt mwen la) ta santi l kanpe la avèk yon epe ki soti okenn kote, moun a dè kilomèt e dè kilomèt, ap kenbe sa nan men w. Mwen te manyen l, mwen te pran l epi balanse lam lan devan kou dèyè, e, bon, se te yon epe.

¹⁸ E m te gade toupatou. M di: “Ebyen, kounye a, kijan sa te ka janm rive? Men m kanpe la a, la a, menm, e pa gen moun nan viwonn lan a dè kilomèt e dè kilomèt, alò ki kote sa a soti?” Epi m di: “Ebyen, mwen—mwen sipoze ke petèt se—se Seyè a k ap di m ke tan m fini.”

Epi yon Vwa te pale e L te di: “Sa se Epe Seyè a.”

¹⁹ Epi m te panse: “Ebyen, yon epe, alò se pou. . . tankou pou yon wa, pou yon chevalye,” nou konnen, kijan yo te konn fè an Angletè ak diferan kote. M te panse: “Se pou sa sa ye, pou vin chevalye.” Epi m te panse: “Ebyen, petèt ke m sipoze enpoze men sou moun, oswa. . .” M te gen tout kalite. . . Lespri imen an ka

melanje nèt, nou sezi. Nou pa konnen. Panse nou limite; Pa L enfini. Alò, e pandan ke m te, li. . . Alò li te kite men m e m pa t konn kote l te fè, li te jis disparèt. Enben, si yon moun pa t konprann yon ti kras sou bagay espiritiyèl, nou—nou t ap vin fou konsa. Nou t ap kanpe la, ap mande sa k te rive la.

²⁰ Epi Li di: “Vizyon an se pa tan w ki fini. Se pou ministè w. Epe sa se Pawòl la. Sèt So yo pral louvri, mistè. . .”

²¹ Epi de semèn apre sa, oswa de mwa, pito, apre sa, M te sou montay lan avèk on pakèt zanmi lè sa te rive. Sèt Zanj, menm jan nou kanpe la a, te desann soti nan Syèl la. Wòch nan montay yo te woule desann kolin yo, epi—epi moun ki te kanpe la t ap rele epi ap kontinye, nou konnen, epi pousyè t ap vole toupatou. E lè sa te rive, Li di: “Retounen lakay ou. Se pou kounye a, chak Zanj pral youn nan so Sèt So yo.”

²² Epi, sa sou bann. E liv la pral soti trè byento, pou kounye a y ap on jan fikse gramè a. Jan nou konnen, gramè m pa trè bon, e moun yo pa t ap. . . Nou dwe moun ki jis renmen m epi ki konn kijan pou konprann mwen avèk gramè mwen. Men on teyolojyen ap fikse gramè a pou mwen, epi ap retire tout—tout. . . Ebyen, petèt ke mwen itilize move mo a la. M pa menm konnen. Bon, m te tandè yon moun ap ri, alò m sipoze ke “gramarize” sa a pa t bon. Men tankou Olandè a, petèt, pran sa m vle di e pa sa mwen di.

²³ E yo di m, rete jis twa minit kounye a, anvan fen pwogram lan.

²⁴ Kounye a, nou menm byenneme deyò a ki nan radyo, e nou menm ki malad e ki gen bezwen isit la nan oditwa a, èske nou ka jis poze men nou youn sou lòt kounye a pandan ke n ap pwononse mo priyè sa a pou malad yo. Kounye a, Jezi te di, dènye komisyon Li bay Legliz la: “Siy sa yo pral swiv sa yo ki kwè.” “Sa yo,” sa yo ki kwè! “Si yo poze men yo sou malad, yo va geri.”

²⁵ Byenneme Papa nou ki nan Syèl la, nou tankou timoun jodi a, n ap obeyi a sa Ou di nou fè. N ap poze men sou tout rekèt pa telefòn sa yo. Ou wè sa yo ki nan peyi a lòtbò a, kijan yo nan bezwen, soufrans lan. Ou wè sa yo isit la ki gen bezwen, k ap soufri. E n ap remèt yo ba Ou, byenneme Bondye, avèk lafwa sa a nan Pawòl Ou kote W te di: “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè. Si yo poze men yo sou malad, yo va geri.” Akòde l, Seyè, nan Non Jezikri. Amèn. [Pati vid sou bann lan—Editè a.]

[Frè Branham fini premye emisyon radyo a—Editè a.]

☆☆☆☆☆☆

²⁶ Mèsi, Frè Shakarian. Se sètènman yon gran privilèj pou retounen ankò sou lèzond, pou pale avèk kèk nan zanmi nou yo ki deyò nan radyo, menm jan tou ak sa yo ki prezan isi a.

²⁷ E se sètèn ke n ap pwolonje envitasyon sa a pou nou, pou vin nan Embassy Hotèl la demen apre midi, pou yo priye pou

nou. E se pa sa sèlman, men mennen sa yo ki pechè ak sa yo ki retwograde. Si nou jis priye pou malad, e nou wè Bondye ap fè gwo mirak san rete, men sa se segondè. Bagay prensipal la se pou w sove, ranpli ak Lespri Bondye, e se sou sa m pral pale avè nou isi a nan kèk moman, epi sou nesosite jan nou dwe ranpli ak Lespri Bondye.

²⁸ E gerizon Divin anjeneral atire atansyon moun yo, pou mennen yo nan Prezans Bondye. Lè Bondye fè yon bagay ke—ke yo konnen se pa- . . . ebyen, yo pa konprann li. Nou pa ka montre mekanikman kijan sa fèt. Bondye fè l nan Pwòp fason pa L ki gran. Alò sa atire atansyon moun yo, pou yo konnen ke gen Prezans yon Pwisans on kote, ki ka fè yon bagay ki depase konpreyansyon lèzòm, e ki lakòz yo gade Ayo Bondye a. E toujou, gerizon Divin, yo di m, e mwen kwè, mwen menm, ke apeprè ant swasant, petèt, e swasanndis pousan, ministè Seyè nou an, se te sou gerizon Divin. E Li te fè sa pou atire moun yo. Alò lè yo te la, Li di: “Si nou pa kwè M se Li, nou pral peri nan peche nou.”

²⁹ Kounye a, gerizon Divin se yon bèl fason, pou atire moun yo vè Seyè Jezi a. Epi Doktè F. F. Bosworth, ke pou anpil nan nou, se te yon zanmi, epi nou te konnen l, epi ministè l te tèlman konte pou mwen antan ke jèn minis. M te kòmanse reyinyon m yo, e m te rankontre Frè Bosworth. Li te konn di: “Gerizon Divin,” sa se yon ti deklarasyon dirèk kounye a, li te di: “Gerizon divin se apa ki sou yon kwòk pwason.” Li te di: “Ou pa janm montre pwason an kwòk la. Ou montre l apa a, epi apres li vin dèye apa a epi li pran nan kwòk la.” Kifè se sa n ap eseye fè. Sa se . . . nou . . . Objektif nou se pou mennen moun yo a Seyè Jezikri. E Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. Kifè si Li te Gerisè nan tan lontan, Li se Gerisè jodi a.

³⁰ Jis yon temwayaj pèsònèl anvan m priye pou malad yo ki nan radyo a. Se te kèk jou de sa, m te chita sou yon mòn kote yon gwo bagay te rive devan kenz ou ven frè, kote Zanj Seyè a te desann konsa, avèk on gwo Limyè ki t ap vole tankou yon komèt, epi ki t ap eklate montay yo toupatou, epi wòch t ap vole sou yon distans de desan pye, ou plis, lòt kote a, ap rache fèt pyebwa yo. E m te kanpe jis anba L. E m te anonse yo jis kèk mwa anvan sa te rive, Li ta pral la e sa k ta pral rive; an reyelite, li te anonse jou anvan an. E tout mesye sa yo t ap kouri anba kamyon ak tout bagay, ap eseye sove. Yo pa t konnen sa k te pase. Epi Li te pale pou di m sa k ta pral rive touswit apre sa.

³¹ M te chita sou wòch sa a la, kote egzakteman Li te parèt, m te gen yon—yon zanmi ki te avèk nou, ki te desann soti depi Minnesota anwo. Moun li yo isi a maten an e m pa sèten men li ka isi a nan kèk lòt etaj. Se te Donavon Weerts, yon jènnòm debyen, yon Literyen ki te fèk bay lavi l a Kris epi ki te ranpli ak Lespri. Yon jènnòm Alman ki enb anpil, ki gen apeprè trantan, yon fanmi ak, de ou twa timoun. Li te demenaje desann Tucson

jis pou l vin vwazen avè m, kote twa ou katsan moun te demenaje pou vin vwazen. Alò li . . .

³² E m kontan gen vwazen konsa. Yo swiv mwen jiska Afrik di Sid, epi tout kote toupatou, jis pou yo toupre epi pou wè . . . avè m, epi pou yo avè m epi pou yo jwi jwisans Seyè a.

Yon moun tèlman enb, ke m pa t janm remake l twòp twòp.

³³ Natirèlman, moun ke m konnen e ke m asosye avè yo tankou pwòp frè m, sè m. M gen jye sou yo, epi m ap gade kilès, si m panse ke y ap soti nan liy lan, alò m pran yo sou kote epi m pale avèk yo, paske m renmen yo. Nou vle viv nan Laglwa ansanm. E gendelè petèt, nan reyinyon yo, nou panse ke m pale di avè nou. Sa pa vin de . . . se pa paske m pa renmen nou, men sa soti nan kè m, paske mwen—mwen . . . Dwe jis gen yon sèl fason. Gen yon sèl fason pou sèvi Bondye, e se . . . E nou dwe rete nan fason pa L la, kèlkeswa sa panse nou ye. Fason pa L la!

³⁴ Epi m te remake ke Donavon, pwent zòrèy dwat li, te anfle petèt twa fwa plis gwose l, epi li te parèt wouj anpil. Ebyen, kounye a m ap panse petèt ke, la nan dezè a depi kèk jou, sa se kote nou te ye a, ke petèt li te gen kèk kaktis nan zòrèy li. Men, lè m te pran men l, m te dekouvri ke se te yon kansè. Alò m di Donavon, m di: “Donavon, èske ou . . . Depi konbyen tan sa nan zòrèy ou?” Jis on jan pou l pa sispèk, kòm si m pa t konnen. M di: “Konbyen tan sa a la, Donavon?”

Li di: “Frè Branham, apeprè sis mwa,” li di.

M di: “Poukisa ou pa t mansyone m sa?”

³⁵ Li di: “O, m wè ou te tèlman okipe,” li di, “M pa t vle—vle fè sa.” Li di: “M jis panse ke petèt on lè Seyè a ta ka di w li.”

Alò m di: “Èske ou reyalize kisa l ye?”

Li di: “M gen yon bon lide.”

M di: “Se byen.”

³⁶ Epi nan aprè demen, pa plis ke sa, jis nan kenbe men ti gason an, nan aprè demen, pa t menm gen mak nan zòrèy li. Sa te konplètman disparèt.

³⁷ Anpil fwa n ap fatigue kò nou, epi n ap eseye rive a *sesi, sela*. Oswa . . . Nou wè, se: “Si y sa yo pral swiv kwayan an.” Li pa t di “si yo ta priye pou malad.” “Si yo poze men sou malad, y ap geri!” Nou dwe gen lafwa, nou menm, nan sa n ap fè a. Trè byen.

³⁸ Kidonk kounye a Donavon petèt isit la. N ap rankontre l. L ap la, si l pa deja la maten an, kèk kote nan lòt etaj yo. N ap rankontre l, e l ap konnen temwayaj la.

³⁹ E kisa m te ka di an plis? Mwen kwè se Lik, oswa Jan, youn nan yo, te di mond lan pa tap ka ken- . . . kenbe, kenbe liv yo ke nou ta ka ekri sou sa L te fè nan mitan moun yo nan dènve jou sa yo; jan malad te geri, alkòlik te delivre, pa plizyè milye ladan yo, ak tout kalite maladi ak afliksyon.

40 Kounye a, nou menm ki nan radyo, e ki isit la tou, Mwen kenbe la kounye a yon gwo kantite rekèt ki te vini pa telefòn maten an, l ap sonnen san rete depi lè nou isit la. Se konsa nou . . . San katreven sèz rekèt te vini maten an, pa telefòn, depi lè nou isit la. Alò annou retwouve nou nan lapriyè kounye a pandan ke chak moun . . . Kèlkeswa kote nou ye a, deyò la nan peyi a, poze men nou youn sou lòt, si nou se kwayan. Sinon, poze men nou sou Bib la oubyen sou yon bagay, pandan ke n ap priye isit la epi lòt bò a.

41 Byenneme Papa nou ki nan Syèl la, ti temwayaj Donavon Weerts la, se jis youn nan milye yo, Seyè, ke Ou genyen ak anpil gras . . . M priye ke Ou gade nan kè moun yo ki isit la epi ki nan radyo. Epi se pou, chak moun, geri. Ke malen an kite yo, epi se pou yo delivre anba tout mizè yo. Akòde l, Papa. Nou mande l, nan Non Jezikri, Pitit Ou a. Amèn.

Mèsi, Seyè. . . [Pati vid sou bann lan—Editè a.]

[Frè Branham fini dezyèm emisyon radyo a—Editè a.]

☆☆☆☆☆☆

42 Ebyen, sa fè twa fwa ke m monte isit la maten an. O lala! Epi, nou konnen, yo vin anonse nou ke nou dwe kite bilding lan nan apeprè douz, katòz minit, oswa yon bagay konsa. E direksyon an di, yo nan lòt etaj la la a, e yo pa ka sèvi okenn repa. Manje nou yo te pwolonje. Nou gen anpil plat, nou konnen. Alò nou trè, trè kontan ke nou te gen gwo jibile esprityèl, gastronomik sa a, jan m rele l la, maten an isit la avèk bèl gwoup mesye sa yo.

43 Mwen ta renmen man—mansyone ke nou . . . sèvis yo ankò, demen apremidi, nan Embassy a. Bon, n ap priye pou malad lòtbò a, epi n ap tann Bondye rankontre avèk nou. E m vin pote kontribisyon m, ministè m, pou fè (tout sa nou kapab) pou reyinyon sa vin on siksè. Pa yon siksè paske se reyinyon nou yo, men yon siksè paske moun yo jwenn Jezikri. Sa se siksè a. Nenpòt reyinyon, kèlkeswa jan nou louwe Bondye, konbyen gwo bagay ke nou wè L fè, konbyen fwa Li pale avèk nou nan Lespri, e latriye; sòf si gen yon bagay ki akonpli, kèk nanm ki antre nan Wayòm lan!

44 E Frè Shakarian fèk fè yon—yon kokenn deklarasyon jis talé a sou sa lpanse de jou sa yo ke n ap—n ap viv ladan yo a. M vrèman kwè ak tout kè m ke, ke n ap viv vrèman nan fen moman an, vrèman nan—vrèman nan fènwa lannwit. Solèy la byen lwen. E lè nou wè bagay yo ap pase jan yo ye jodi a, ebyen, li difisil pou di sa yon lòt jenerasyon ta pote. Kèk jou de sa . . .

45 Jis kite m ba nou yon ti kichòy lokal. Yo fè yon analiz atravè Arizona, kote m abite a, nan tout lekòl yo. Yo te bay timoun yo, san yo pa konnen, yon tès mantal. Epi devine kisa? Sa enkli lekòl segondè ak—ak lekòl primè, te gen katreven pousan nan timoun yo k ap soufri ak defisyans mantal. Swasannndis pousan ladan yo se te moun k ap gade televizyon. Nou wè, move bagay sa yo, yo

annik enfiltre sou nou e nou pa . . . Nou mande poukisa sa rive. Nou ka tandè Vwa Bondye a k ap rele kont sa, e poutan isi a nou—nou jwenn tèt nou pyeje nan sa.

⁴⁶ Kite m ba nou yon bagay chokan. Nou wè: “Se pa tout sa ki di M, ‘Seyè, Seyè,’ ki pral antre; men moun ki fè volonte Papa M lan.” Volonte Li se Pawòl Li. Nou ka toujou trè relijye, pase bon moman, rele fò, sote, nan reyinyon sa yo, sa ke nou . . . M pa—m pa vle kritike. Men m gen yon—yon devwa pou m fè anvè Bondye, e devwa sa se pou m sensè epi pou m di sa Li vle m di. E mwen—mwen vrèman gen rekonesans pou chapit Kalifòni an ki te sipòte m nan—nan konviksyon m yo. Si m pa pale de konviksyon m yo, m se yon ipokrit e m pa, m pa menm onèt avèk nou. E si m paka onèt avèk nou, kijan m pral onèt avèk Bondye? paske mwen wè nou epi m ap pale avèk nou. Natirèlman, nou fè l, avèk Bondye, tou, men nou dwe vrèman sensè epi onèt youn ak lòt. Nou sètènman nan yon—yon laj terrib, terrib. Epi èske nou te janm kanpe . . .

⁴⁷ Jis kite m ba nou yon ti analiz. “Se pa tout sa ki di M, ‘Seyè, Seyè,’ ki pral antre; men moun ki fè volonte Papa M.” Jezi te di, sou tè a: “Lòm pa dwe viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl.” Tout Pawòl! Pa jis tanzantan, yon Pawòl, men tout Pawòl.

⁴⁸ Se te yon sèl Pawòl Bondye ke yo te neglije kwè, nan . . . kòmandman Bondye yo, ki te lakòz lanmò, chagren, ak tout maladi ak lapenn, pou rate Pawòl Bondye a, yon sèl Pawòl! Si li te rale ras imen an nan lanmò, pa neglijan, nan pa kwè yon sèl Pawòl, “sètènman,” sètènman. Men Li te di sa ta pral rive. Satan di: “Se sèten sa p ap rive.” Men sa te rive.

⁴⁹ Kifè, nou dwe kenbe chak Pawòl Bondye. E si imen an ak tout soufrans sa yo epi bagay ki te rive ras imen an, nan mal entèprete, oubyen—oubyen nan neglije kwè yon sèl Pawòl, kijan n ap retounen lè nou rate Youn, si sa te koute tout pri sa, menm lavi Pitit Li a?

. . . *anpil yo rele, . . . kèk yo chwazi.*

. . . *anpil yo rele, . . . kèk yo chwazi.*

⁵⁰ M pa ka pran yon sijè nan sa, men, nou pa gen tan, men jis pou m kite yon bagay avèk nou.

⁵¹ Annou panse a . . . M te ale yon jou avèk Frè Shakarian, kote yo t ap kwaze bèt. E m te wè—lan . . . nan laboratwa kote Frè Shakarian te mennen m lan. Epi yo te tranpe nan espèm bèf mal la, jis yon ti . . . tankou yon ti enstriman, yon ti bwa alimèt, epi yo pran yon èchantiyon espèm sa, epi yo mete l anba loup sa a ki te agrandi l dè santèn de fwa. E te gen ti jèm ki t ap sote nan, nan espèm sa. Donk, nou konnen jèm lan soti nan mal la, epi ze ovil la soti nan femèl la. Epi m te mande chimis la la a, m di: “Kisa k ap fè ti sote sa konsa?”

Li di: “Sa se—sa se ti bèf avèk ti towò.” Ou wè?

Epi m di: “Nan ti gout sa?”

Li reponn: “Ya.”

52 M di: “Alò petèt nan tout espèm lan ka gen yon milyon nan yo?”

Li di: “O, Ya.” Ou wè? Kounye a, gade byen.

53 Kounye a, lè gwo bagay sa a rive, gen yon ze ovil k ap tann yon jèm nan milyon sa. E pa gen pèsonn ki ka di ki jèm l ap ye, oswa ki ze ovil l ap ye. Si nou ta gade nesans natirèl la, li plis yon mistè pase—pase nesans vyèj la. Paske, nan espèm sa a, gen youn ki predestine pou viv, e rès yo pral mouri. E se pa premye ki rive a; se premye ki ini ansanm ak ze ovil la. Petèt ke ze ovil la leve soti dèyè espèm lan, oswa nan mitan espèm lan; jèm lan ta ka fè menm bagay, ak ze ovil la. Jèm lan glise nan ze ovil la, epi ti ke a detache kite l, epi men kolòn vètebral la ki kòmanse. Gen yon sèl sou yon milyon, nan tout chay sa, ki pral rive fè l, jis youn; e se yon Fòs ke lòm pa konnen, ki detèmine sa. Poutan pou nou, yo chak, sanble, chak nan jèm sa yo jis parèy. Menm bagay pou bèt yo. Menm bagay pou lòm. Sa detèmine si l ap on ti gason, tifi, cheve kannèl, cheve nwa, oswa sa l ye a. Se Bondye ki detèmine l. Yo tout sanble menm bagay, natirèlman, men gen yon sèl ladann ki destine pou lavi; youn sou yon milyon, poutan yo tout sanble.

54 Lè Izrayèl te kite Lejip, te gen apeprè de milyon moun ki te kite an menm tan. Yo tout te tandè mesaj yon pwofèt. Yo tout te wè Kolòn Dife a. Yo tout te batize pa Moyiz, nan Lanmè Wouj la. Yo tout te rele fò nan—nan Lespri, yo te bat tanbourin epi kouri monte desann bò rivaj la, avèk Miryam, lè Moyiz te chante nan Lespri. Yo menm, yo chak, te bwè nan menm Wòch espiritiyèl la. Yo menm, yo chak, te manje Lamàn fre chak swa. Chak grenn nan yo! Men te gen de ki te antre nan peyi a, youn sou yon milyon.

55 Kisa tès la te ye? Yo tout te bwè nan menm Wòch la, yo tout te manje menm Lamàn espiritiyèl la jan n ap manje maten an, men Pawòl la te teste yo. Lè epòk Kadesh-Barnea te rive, lè yo te kòmanse antre nan latè pwomiz, yo pa t ka antre anvan yo te teste pa Pawòl la. E tout lòt dis yo—yo te retounen, epi yo te di: “Nou pa ka fè l! Moun yo tankou . . . Nou tankou krikèt pou yo, gwo vil yo klotire. Opozisyon an twò gran.”

56 Men Jozye ak Kalèb te kalme pèp la. Yo di: “Nou plis ke kapab pou fè l!” Poukisa? Bondye te di, anvan yo te kite, tè pwomiz la: “M ba nou peyi a. M ba nou l. Se pou nou.” Men te gen youn sou chak milyon.

57 Gen apeprè senksan milyon swadizan Kretyen nan mond lan jodi a, e chak jou mete fen a yon jenerasyon. Kounye a, e si Anlèvman an t ap fèt jodi a epi senksan milyon, nan mond lan, toupatou, ta pati nan Anlèvman an? Ou pa t ap janm konnen oswa menm wè nan jounal, ke yo pati. E Vini Seyè a se yon Vini ki sekre. L ap vini epi L ap disparèt. Se ap tèlman yon minorite, ke . . .

58 Jis tankou jan sa te ye epòk lè disip yo te mande Jezi: “Poukisa Eskrib yo di ke—ke Eli dwe vini anvan?”

Li reponn: “Li deja vini, e nou pa t janm konn sa.”

59 Èske nou te janm panse a sa moun yo te fè? Yo te kontinye kwè ke Mala- . . . ke Mal- . . . Eli ta pral vini. E li te drèt nan mitan yo, e yo pa t konn sa.

60 Se konsa sa va ye lè Fis de lòm lan ap vini! Yo va jis fè menm bagay la avè L. Lespri Bondye isi a. Ebyen, kisa nou pral fè avè L? Èske nou pral manje Lamàn, e latriye, epi pa kontinye vanse pandan n ap grandi?

61 Èske nou te janm remake yon semans, jan Reveran Pitts t ap pale sa fè kèk moman, e fason yon semans antre nan tè a? Gen anpil semans la nan tè a. Lè Bondye t ap plannen sou dlo a, ak Limyè a, e Limyè a te pwodui, premye Prezans Bondye, Limyè pale a te vini de Pawòl Bondye. E Pawòl Bondye se sèl bagay ki ap pote Limyè ankò. E lè dlo yo te retire, semans lan te deja anndan tè a, e Limyè a te sèlman fè pouse semans yo ki te rete ak jèm nan yo, yo te pouse. Bondye t ap fè kreyasyon Li.

62 E kounye a, nan maten Pak la te gen yon lòt Limyè ki te frape tè a, lè yo te bay Sentespri a. E yo te bay Li pou pote Limyè bay Semans sa yo ke Bondye, pa presyans Li, te konnen ke yo t ap la sou tè a. Menm jan Li te konn premye semans natirèl la, Li konn kote Semans espirityèl la ye. Kò w te etann isit la lè sa a menm sou tè a, lè Bondye te mennen tè a premye fwa a legzistans. Nou se yon pati de tè a. Nou te layite la. E pa presyans Li Li te konn egzaktaman kimoun ki t ap renmen L ak sèvi L, e kimoun ki pa t ap fè l. Presyans li di sa. Si se pa sa, alò Li pa Bondye. Li pa ka Bondye san l pa enfini. E si Li enfini, Li konn tout bagay.

63 Alò, nou wè moun k ap fè tenten pa yo. Yo bite sou sa. Yo fonsè ladann, e yo panse *sesi* ak *sela*, men sa pa mache byen, nou wè l. Men gen yon bagay ki mache byen, se jwenn volonte pafè Bondye epi kanpe ladann, rezon ki fè Bondye te rele nou an.

64 Jan Frè Jack te di sa fè kèk moman anba isit la a apwopo de—de Pershing Square, tout konfizyon an. Youn fason *sa a*, epi youn fason *sa*; epi konsènan teyolojiyen yo, e latriye, si nou vle konn kèk teyoloji, ale lòt bò a.

65 M panse ke se apeprè tankou sa ye nan Hyde Park a Lond. M te anba la, chak moun gen pwòp lide l. Se yon—se yon gwo rasanbleman yon mond modèn nan Babilòn.

66 Men èske nou te remake jan—jan Frè Pitts te kontinye avèk bèl mesaj li a maten an pou nou? Pandan l t ap kòmanse soti nan pak piblik la, li te jwenn la yon ti flè lis de Pak. “Nan mitan tout konfizyon an,” jan l te pote l ba nou an, “li pa t gen posibilite di ‘wi’ ou ‘non.’ Se te yon vi Bondye ki t ap briye anndan l, nan mitan tout konfizyon an.” Li te la nan tout bote li, paske Bondye

te destine l pou l la. Nan mitan tout konfli, pa gen moun ki te remake l. Yo pa t wè aplikasyon esprityèl sa.

67 E se konsa l ye jodi a pami tout gwo rasanbleman ak gwoup nou yo, ak legliz ak denominasyon yo, e latriye. Youn ap rale nan direksyon sa a: “Nou dwe Batis, oswa Presbiteryen, nou dwe *sesi, sela, ou se lòtbò*.” Nan mitan tou sa, gen yon flèk ap grandi. Gen yon pwisans Bondye la a nan mitan nou, k ap leve nan mitan nou tout. Annou jis kanpe pou gade l, kèk minit, epi swiv li semèn sa, epi wè l k ap deplwaye drèt devan nou. Nou kwè Bondye ap fè l. Se pa vre? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

68 M wè ke nou ta dwe anba kounye a. Kifè annou priye, nou chak.

69 Chè Bondye, lè nou bese tèt nou nan Prezans Ou, nou santi ke nou tèlman ensiyifyan pou mande. Men Ou te pwomèt nou ke, si nou vini, Ou pa t ap vire do ban nou. E deklarasyon brital sa yo ki fèk fèt, nan okenn fason se pa yon doktrin, “youn sou yon milyon,” men jis pou yon jan sonje. Paske Ou di:

. . . pòt ki jis la, e chemen ki difisil la, ki mennen nan lavi, e p ap gen anpil moun k ap jwenn li.

Paske anpil yo rele, men kèk yo chwazi.

70 O Papa Etènèl, voye Limyè Levanjil la atravè vil sa, pandan semèn konvansyon k ap vini an. E si ta gen Semans, yon jan pa Pwòp, gwo prevwayans sajès Ou, janm te eseye bay egzanp nan espèm gason ak fi a, se pou yo antre an kantite nan konvansyon an. Ke Sentespri a ba yo Limyè. Nou reyalize ke tan an petèt pi ta ke nou panse l ye. Nou priye, Bondye, ke pandan n ap vini isi a, nou jis kwè ke petèt gen yon bagay isi a ki ta ka fèt ki ta ede moun yo, oswa—oswa ki ta atrape dènye mouton sa a. Nou konnen, lè patiraj mouton an ranpli, alò Bèje a va fèmen pòt la.

71 Jan l te ye nan epòk Noye, lè yo te fè rantre dènye manm fanmi an, Bondye te fèmen pòt la. Yo te frape epi frape fò, men li te twò ta. Chè Bondye, yo te gen opòtinite a.

Ou di: “M se Pòt patiraj mouton an.”

72 E ala chante powèt la frapan, “Èske katrevendiznèf yo pa ase pou Ou? Men, non, te gen yon ankò.” Li ta ka yon ti mouton nwa, oswa li ta ka yon moun san enpòtans, ta ka yon ti femèl ou mal. Nou pa konn kote yo ye, men dènye sa a dwe antre e apre sa pòt la va fèmen. O Bondye, Ki konn tout bagay la, sonde lavi nou maten an. Epi voye nou nenpòt kote ke nou te ka ale, pou nou ka jwenn dènye sa, pou pòt la ka fèmen epi Bèje a anndan avèk mouton yo. Akòde l, Seyè. Si gen grenn sa isi la jodi a, si grenn sa ki sipoze vini . . .

73 “Tout sa Papa a ban Mwen pral vin jwenn Mwen. E pèsonn pa ka vini, sof si Papa M atire l.”

74 E si ta gen yon bagay k ap tire, oswa yon ti sansasyon, ke sa ta ka lè pou yon moun isi a nan oditwa sa a, isi a oswa anba, oswa

kèlkeswa kote yo ye a, ke yo reponn: “Wi, Seyè, m se ti grenn sa ki te pèdi wout li; e ki te konbat Sa, tout vi m. Mwen—mwen—mwen te santi ke m te dwe vini, men jodi a m panche sou bò echèk la. M pa ka ni monte ni desann. M pa ka ale okenn kote.” O, ke gran Bèje a vini, tann men dous li pou mennen grenn sa an sekirite, mete l sou zepòl Li epi pote l tounen an sekirite.

⁷⁵ Petèt gen youn isi a, Seyè, ki malad, nan menm kondisyon an, ke doktè a te di: “Pa gen anyen ki ka fèt.” Li te eseye sove l, men li pa t ka sove l. Sa depase limit li. Pa gen—pa gen anyen ke l ka fè. Medikaman l ou kouto l paka atenn li. Men, O Seyè, pa gen anyen ki twò lwen pou gwo ponyèt Ou, e Pawòl Ou se ponyèt Ou. Kifè nou priye, Chè Bondye, ke, maten an, pandan n ap pale avè W, ke W desann pou ranmase grenn sa ki malad e ki pa ka ede tèt li, ki depase limit tout zafè syantifik, ki lwen doktè, se pou yo geri. Akòde l, Seyè.

⁷⁶ N ap panse a David, alòske yo te ba l chaj sou kèk mouton, jis kèk. Men yon jou yon lous te vini epi l te pran ti mouton sa a epi l te pati avè l, epi l ta pral devore l (tankou yon kansè ta devore yon kò), oswa yon gwo lyon. Men David, ki pa t twò byen ekipe avèk yon—yon fizi, oswa, li pa t yon moun ak epe, men sèlman ak yon fistibal, li t al dèyè mouton sa. E lè li te jwenn bèt la—la ki te sou pwen touye ti mouton an, li te touye l ak fistibal la. Jis yon senp ti zam ak yon moso kwi ak yon fisèl, epi, men li te gen konfyans nan li.

⁷⁷ Nou pa gen gwo jeni nan mitan nou, Seyè. Nou se moun senp ak yon senp ti priyè, men n ap vini maten an pou ede mouton Papa a. Fanm sa ki te mache nan lari yo, mizerab, ap finen sigarèt, ap eseye jwenn lapè atravè sigarèt la; nonm sa ki te pran sant vè a epi ki te eseye remete l an plas, men lènmi an kenbe l sere; ti gason oswa tifi sa a ki te eseye fè sa ki byen, men ki jis pa ka jwenn fòs pou l elwaye l de move bagay; nou vini nan Non Seyè Jezi, pou reklame mouton sa maten an. Nou defye lènmi an, paske se yon bagay senp, yon priyè fistibal, men n ap vini pou mennen grenn sa tounen nan patiraj Papa a, pou nou te ka rann kont de bagay sa yo ki te remèt nan men nou. Ke pwisans Bondye a frape lafwa kounye a, nan kè moun yo, e ke nanm ki pèdi a retounen maten an. Ke tantasyon lavi sa lage l, kite l ale. E ke l jwenn tèt li an sekirite sou zepòl Mèt la, k ap pote l an sekirite ankò. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

⁷⁸ Bondye beni nou tout. Jiskaske m wè nou demen, m ap remèt sèvis la bay Frè Shakarian. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

[Frè Branham fini twazyèm pati a—Editè a.]

☆☆☆☆☆☆

⁷⁹ Sa a, mwen—mwen espere ke nou pral. . . ke m te jwenn plis gras nan je Bondye epi devan nou, pou kwè ke m ta kanpe la pou di nou yon bagay ki fo. M te pase senkann sizyèm anivèsè nesans mwen, lèt jou la. Sa se pa Mesaj jis yon vye granmoun. M te kwè

sa depi m te yon ti gason. E si sa se pa vre, m se moun ki pi fou Bondye te genyen sou tè a. Mwen bay tout vi m pou Kòz sa. E kite m di sa avèk senterite: si m te gen di mil vi, m pa t ap janm chanje opinyon m.

⁸⁰ Kounye a, gerizon an ka atenn chak moun. Sonje, gerizon an nan ou. Bondye te plase nan pye pèch la tout pèch ki t ap janm ladan l, lè Li te plante l nan Jaden an. Nou wè, nou jis . . . pye pèch la oswa pye pòm lan, oswa pye fwi a, li jis gen pou l pouse, nan bwè dlo ki sou tè a. Kounye a chak nan nou gen potansyèl sa yo nan nou, pou delivre nou, paske se Bondye, depi ke nou te plante nan Kris ak batèm (pa batèm dlo), batèm espirityèl. Ou pa antre nan Kris ak batèm dlo. Pa batèm espirityèl!

⁸¹ Demen apre midi, si Seyè a vle, m ap pale sou sa, *kouman epi kisa* vrè aplikasyon Sa ye. N ap genyen l nan apre midi konsa li pa pral gen entèferans ak okenn nan sèvis nou yo.

⁸² Kounye a gade, nou chak isi a kanpe antan ke kwayan, nou wè, alò Lavi ki te nan Kris la nan nou. Li posib, si nou te ka jis wè l!

⁸³ Se travay pa dyab la pou anpeche nou wè Sa, kenbe nou avèg. Li ka jis kite nou avèg, se sa, ou wè, nou pa konn kote nou prale lè sa. Yon nonm ki avèg pa ka di kote l prale, li dwe chache konprann nan men yon moun ki ka wè. Anvan nou ka konprann, yon moun dwe di nou ki sa ki Laverite.

⁸⁴ E Kris te mouri pou nou, e nou te detache soti nan mond lan pou vin nan Kris. E tout bagay nou bezwen la a nan nou, pa batèm Sentespri a. Èske se pa vre? Kounye a sèl bagay nou dwe fè se jis kòmanse bwè nan Sa.

⁸⁵ Epi pandan pyebwa a ap bwè, li kòmanse pouse fèy li yo, boujon li, pouse fwi li chak ane. Fwi a pa nan tè a; fwi a nan plant lan. Konbyen moun ki konprann sa, di “amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Alò, ou wè, fwi a nan plant lan, e chak plant dwe bwè nan sous li. Lè lapli a tonbe, li bay plant sa, lavi, pou bwè ladann. E, pandan l ap bwè, l ap grandi.

⁸⁶ E l ap grandi jiskaske li rive plen ak boujon, menm jan a Legliz la, pou l fleri nan laj sa.

⁸⁷ E, pandan n ap bwè, n ap grandi. Men si plant lan refize bwè, alò plant lan pa ka grandi. E si nou jis vle kwè li kounye a, endividyèlman!

⁸⁸ Natirèlman, nou konn kijan Seyè a aji, L ap montre diferan bagay, de sa nou te fè ak sa nou pat dwe fè, e latriye, nan reyinyon yo. Nou te espere ke Sentespri a t ap tonbe sou nou maten an epi t ap fè bagay sa yo, pandan ke nou te kanpe a. Men m te ret ap tann.

⁸⁹ M panse ke se pati kote m te sou presyon, ap panse ke anba a yo te vle nou soti isi a, ou wè. Men yo vle nou; nou an reta kounye a.

⁹⁰ Men kwè sa, ak tout kè nou. Tanpri fè l. Si mwen—si mwen te jwenn gras nan je nou, antan ke moun sensè, kwè sa. Kounye a mete men nou sou—sou youn lòt.

⁹¹ Kounye a gade, bon, Bib la pa t di: “Siy sa yo pral swiv William Branham.” Li pa t di: “Li pral swiv Oral Roberts sèlman.” Li pa t di li t ap swiv “Frè Kopp” oswa “yon moun.”

⁹² “Siy sa yo pral swiv sa yo,” pliryèl, “ki kwè. Si yo poze men yo sou malad, yo pral geri.” Se pwisans Bondye sa ki nan nou, ki pote Lavi a bay moun nou met men nou sou li a, sous Sentespri ki bay Lavi a.

⁹³ Chè Bondye, nan Non Jezikri, nan moman kritik sa kote legliz la . . . se pou yo kanpe nan moman sa, san presyon, e ke Pwisans ki te resisite Kris soti nan tonbo a, fòtifye pou yo kounye a menm Verite Levanjil la, ke komisyon Jezi a se te, si yo “poze men sou malad, yo pral geri.” Ke tout pwisans demon, tout maladi, tout malèz, tout afliksyon, tout touman ki te rive moun yo, se pou yo jis ale kounye a pa lafwa. Antan ke moun ki kwè, nou mande l nan Non Jezikri. Amèn.

⁹⁴ Kounye a leve men nou epi ba L lwanj, si nou kwè ke L fè sa.

⁹⁵ Chè Bondye, bebe sa pral mouri, Seyè, si sa pa fèt. Mwen kondane makonnen sa, nan Non Jezikri. Se pou l kite timoun inosan sa. Amèn.

Kounye a, doktè yo te eseye, e yo echwe. Jis kwè.



YOUN SOU YON MILYON CRE65-0424

(One In A Million)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle samdi maten, 24 avril, 1965, pou dejene Fratènite Entènasyonal Om Dafè Levanjil Konplè A nan Clifton's Cafeteria ki nan Los Angeles, Kalifòni, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org